



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedyat:** 19 septanm 2013

**GOUVÈNÈ CUOMO PWOPOZE NOUVO RÈGLEMAN POU NOUVO REFÒM ENSTITI A NAN ENDISTRI ASIRANS FÒSE**

***Ankèt DFS te Fè Pandan Anpil Tan Te Dekouvri Lajan Anba-Tab ak Abi sou Pwopriyetè Kay yo nan Endistri Asirans Fòse***

***Refòm yo Mennen nan Efò toupatou nan Peyi a pou Pwoteje Pwopriyetè Kay yo; Elimine Lajan Anba-Tab; epi Bese Tarif Prim yo K ap Ogmante San Rete***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse administrasyon li a pwopoze yon nouvo seri règ pou fè refòm nan endistri asirans fòse a. Règleman Department of Financial Services (DFS) (Depatman Sèvis Finansye pral ede pwoteje pwopriyetè kay yo kont abi; elimine lajan anba-tab nan endistri k ap ogmante prim asirans yo; epi ekonomize anpil milyon dola pou pwopriyetè kay yo, kontribiyab yo, ak investisè yo apati kounye a nan tarif ki ba.

Aprè DFS te fè yon ankèt pandan anpil tan, DFS te jwenn [kèk akò](#) byen bonè ane sa a avèk gwo konpayi asirans fòse yo k ap fè biznis nan New York – tankou [Assurant](#), [QBE](#), ak kèk lòt konpayi – pou aplike refòm yo epi pou remèt lajan ba pwopriyetè kay ki te viktim yo. Nouvo règleman DFS sa yo pral ede asire refòm sa yo ap aplike nan endistri a k ap vanse – menmsi nouvo konpayi asirans yo antre nan mache sa a.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Nan dènye dezan yo, administrasyon mwen te lanse yon ankèt sou endistri asirans fòse a. Ankèt sa a te montre kijan bank yo ak konpayi prè ipotekè yo te fè abi sou kliyan yo. Jodi a, n ap fè yon gwo etap nan korije enjistis sa a ak nan fè refòm nan endistri a lè nou pwopoze nouvo règleman ki sevè pou pwoteje pwopriyetè kay yo. Konpayi asirans yo ta dwe konnen Eta New York pral kontinye derasinen abi nan endistri a pou pwoteje kontribiyab yo.”

Benjamin M. Lawsky, Sipè-Entandan Sèvis Finansye, di konsa, “Ankèt nou an te dekouvri yon aktivite lajan anba-tab nan endistri sa a ki te ogmante prim yo epi ki te fè gwo domaj kont pwopriyetè kay k ap debat yo. Nouvo règ sa yo pral ede asire pwopriyetè kay yo rete pwoteje, epi konpayi asirans fòse yo p

Haitian Creole

ap senpleman retounen nan ansyen move pratik lontan yo.”

### **Ankèt DFS nan Asirans Fòse**

Nan mwa oktòb 2011, DFS te lanse yon ankèt nan endistri asirans fòse a. Asirans fòse se asirans yon bank, yon enstitisyon prè oswa yon ajans rekouvremant prè ipotekè pran lè yon moun ki prete lajan an ap pran asirans ki obligatwa dapre kondisyon prè ipotekè a. Sa kapab fè si pwopriyetè kay la kite kontra asirans li ekspire (souvan akòz pwoblèm lajan), si bank lan oswa ajans rekouvremant prè ipotekè a detèmine moun ki prete lajan an pa gen ase kantite lajan pwoteksyon, oswa si yo fòse pwopriyetè kay la gen asirans lan pa erè.

Ankèt DFS la te montre prim asirans yo fè pwopriyetè kay yo peye pou asirans fòse a kapab de a dis fwa pi plis pase prim yo pou asirans volontè -- malgre reyalyte a montre asirans fòse a bay mwens pwoteksyon pou pwopriyetè kay yo pase asirans volontè a. Reyèlman, menmsi bank yo ak ajans rekouvremant prè ipotekè yo se yo ki chwazi ki kontra asirans fòse pou yo achte, yo finalman fè pwopriyetè kay yo peye prim asirans ki wo, epi, sizoka gen sezi-ipotèk, konsekans depans yo pase tonbe sou investisè yo. Epi lè se yon antrepriz gouvènman an finansè posede oswa sipòte prè ipotekè a, tankou Fannie Mae oswa Freddie Mac, fado depans sa yo tonbe sou kontribiyab yo finalman.

Ankèt DFS a te montre sèten konpayi asirans fòse te fè konpetisyon pou jwenn biznis avèk bank yo ak ajans rekouvremant prè ipotekè yo nan sa ki rele “konpetisyon envès.” Sa vle di, olye konpayi asirans yo fè konpetisyon lè yo ofri pi ba pri, konpayi asirans yo te fè konpetisyon lè yo te ofri sa ki se yon pataj nan pwofi a pito. Pataj pwofi sa a te ogmante pri asirans fòse a lè li kreye prim ankourajman pou bank yo ak ajans rekouvremant prè ipotekè yo pou achte asirans fòse ki gen prim ki pi wo. Se paske tank prim yo pi wo, tank konpayi asirans yo te peye lajan ba bank yo. Rezo enkyetan lajan anba-tab ak rekonpans sa nan sèten konpayi asirans fòse te ede ogmante prim yo wo anpil pou plizyè pwopriyetè kay.

Refòm New York nan asirans fòse prensipal nan nasyon an nan règ ki pwopoze yo gen ladan egzijans ki anba la yo pou ede elimine aktivite lajan anba-tab ki te tranpe endistri sa a epi ki bese tarif prim asirans yo:

- Konpayi asirans fòse yo pa dwe bay asirans fòse sou pwopriyete ki gen ipotèk yon bank oswa yon ajans prè ipotekè ki afilye avèk konpayi asirans yo.
- Konpayi asirans fòse yo pa dwe peye komisyon ba yon bank oswa ba ajans rekouvremant prè ipotekè oswa ba yon enstitisyon ki afilye avèk yon bank oswa yon ajans rekouvremant prè ipotekè sou asirans fòse yo jwenn nan ajans rekouvremant prè ipotekè.
- Konpayi asirans fòse yo pa dwe re-asire kontra asirans fòse avèk yo moun oswa yon enstitisyon ki afilye avèk bank yo oswa ajans rekouvremant prè ipotekè ki te jwenn kontra yo.
- Konpayi asirans fòse yo pa dwe peye komisyon ki pa t prevwa epi ki baze sou rantabilite teknik oswa rasyo pèt.
- Konpayi asirans fòse yo pa dwe bay sèvis sou-tretans pou gratis oswa ki anba pri pou bank yo, ajans rekouvremant prè ipotekè yo, oswa afilye yo.
- Konpayi asirans fòse yo pa dwe fè peman, tankou men pa sèlman, peman depans, ba ajans rekouvremant prè ipotekè, enstitisyon prè, oswa afilye yo pou yo kapab jwenn biznis.

- Konpayi asirans fòse yo dwe bay avi kondisyon apwopriye nan avi pou yo asire pwopriyetè kay yo konprann responsablite yo pou konsève asirans pwopriyetè kay, epi yo ka achte pwoteksyon asirans pwopriyetè kay poukont yo nenpòt lè.
- Konpayi asirans fòse yo pa dwe depase kantite maksimòm pwoteksyon asirans fòse sou pwopriyete yo nan New York.
- Konpayi asirans fòse yo oswa afilye yo dwe ranbouse tout prim asirans fòse pou nenpòt peryòd lè gen pwoteksyon asirans volontè k ap ekspire;
- Konpayi asirans fòse yo gen obligasyon pou fè Depatman an konnen regilyèman rasyo pèt yo fè toutbon epi pou yo re-klase tarif yo lè vrè rasyo pèt yo tonbe anba 40 pousan – pou ede asire prim yo pa ogmante.

Pou wè yon kopi règleman DFS ki pwopoze ki gen nan refòm Administrasyon Cuomo sou asirans fòse, tanpri ale nan sitwèb, [http://www.dfs.ny.gov/insurance/r\\_prop/rp202t.pdf](http://www.dfs.ny.gov/insurance/r_prop/rp202t.pdf).

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418